


# KLAS 5YÈM ANE



P.S 117  
Briarwood, New York

Kourikoulòm klas 5yèm Ane  
Avril 2011


## Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm klas 5yèm Ane

### Matematik

Elèv klas 5yèm ane fèk kòmanse yon seksyon Matematik nan Jewometri. N ap aprann diferan tip poligòn ak fason pou itilize yon rapòtè pou mezire ak trase ang. Poligòn antoure nou toupatou epi n ap aprann ke yo tout kote nou ye. Gade anndan kay ou, epi chèche wè ki fòm jewometri ou ka jwenn? N ap prepare nou seryezman tou pou egzamen Matematik NYS k ap fèt nan mwa Me. N ap itilize tèminoloji matematik pou travay sou eksplikasyon estrateji Matematik pou rezoud pwoblèm. Pou prepare alavans pou gwo travay la, fè sèten ou toujou tcheke devwadmezon matematik pitit ou a chak swa, epi ke l toujou etidye pou tout egzamen alavans.

### Syans sosyal


N ap etidye Revolisyon endistriyèl mwa sa a. N ap aprann jan Revolisyon an sòti nan Grann Bretay pou rive ann Amerik ak jan twal te yon endistri enpòtan epòk sa a. N ap gade videyo epi n ap fè rechèch pou wè kouman yon gason/fi k ap travay nan yon *factory* te viv. N ap li yon liv nou renmen anpil ki gen tit The Bobbin Girl. Si w vle prete l nan bibliyotèk pou w li l avèk pitit ou a, l ap ede w konprann kouman yon jenn moun te travay nan yon *factory* fil. N ap idantifye tou diferan moun ki fè envansyon ak envansyon ki te kouran pandan Revolisyon endistriyèl la, paegzanp Machin pou retire grenn nan koton *Cotton Gin* ke Eli Whitney te envante.



### Seminè Lekti ak Redaksyon

N ap prepare klas 5yèm ak 6yèm ane pou Egzamen Art lang angle *English Language Arts* (ELA) Eta Nouyòk. Ane sa a, gen plis chans pou kantite tan lekti yo mande elèv yo fè pi long pase anvan pou egzamen an. Gen chans pou yo mande elèv (klas 5yèm ane) li pandan 60 minit epi elèv (klas 6yèm ane) li pandan 80 minit, pandan tan sa a, yo ka gen pou li yon pi gwo varyete tèks ki ta plis nan diferan kategori dokiman reyèl. Elèv yo ap gen pou konsantre yo sou yon seri estrateji pou yo itilize nan anpil tèks lè sa a. Anplis y ap mande elèv yo pou yo li pandan pi lontan, gen plis chans pou yo mande yo li tèks pi long. Gen plis chans pou elèv klas 3yèm - 5yèm ane gen pou li apeprè de (2) paj epi pou elèv klas 6yèm ane gen pou li apeprè twa (3) paj. Y ap mande elèv yo akimile epi rezime enfòmasyon ak lide yo jwenn nan tèks long sa yo. Kidonk nou bezwen devlope andirans yo pou yo li, e kantite tan pou yo li tèks long yo.

N ap prepare elèv nou yo tou pandan seminè redaksyon an pou seksyon redaksyon Egzamen ELA a. Elèv yo ap gen pou li de (2) tèks sou yon sijè epi y ap pran detay nan de tèks yo pou fè yon redaksyon. Elèv yo ap fè redaksyon nan klas la pandan seminè redaksyon an. Elèv yo ap bezwen aprann ke nan redaksyon an, y ap bezwen site prèv espesifik yo jwenn nan tèks la. Plan jeneral pou pati redaksyon egzamen an se pou elèv yo fè yon redaksyon pou reponn yon nouvo kesyon chak de (2) jou.



### Syans

Nan klas 5yèm ane n ap aprann jan pou pran abitud manje bagay ki bon pou lasante ak nitrisyon. Elèv yo te fè yon tès grès pou wè ki manje gen mwens kantite grès pase lòt. Nou konnen ke fwi ak legim pi bon pou lasante pase manje dyab dyab epi n ap fè yon lis manje chak jou pou analize bagay n ap rantre nan kò nou. Aprantisaj konsènan bagay nou manje agreyab ak pratik!